

# Candagwa. Tunga terefone yawe y'ubuhinga bwa none. Utangure ukoreshe v-safe.

## V-safe ni iki?

**V-safe** ni agaporogarama ko muri terefone y'ubuhinga bwa none gakoresha ubutumwa bugufi n'ibibazo vy'igendereza ry'ubushakashatsi kugira gatange inyishu z'isuzuma wisangije nyuma yo kuronswa urucanco rwa COVID-19. Ukoresheje **v-safe**, urashobora kubarira ningoga CDC hamwe woba ufise inkurikizi nyuma yo kuronswa urucanco rwa COVID-19. Bivanye no ku nyishu ushikirije, umuntu akora muri CDC ashobora kuguhamagara kugira akubaze. Kandi **v-safe** yongera ikibutsa kuronka doze ya kabiri y'urucanco rwa COVID-19 hamwe uyikeneye.

Uruhara rwawe muri **v-safe** ya CDC ruragira ikintu kinini ruterereye – ruratuma incanco za COVID-19 zidateza impanuka.

## Nogira uruhara gute?

Uhejeje kuronka urucanco rwa COVID-19, ushobora kwiyandikisha muri **v-safe** ukoresheje terefoni yawe y'ubuhinga bwa none. Kwiyandikisha ni kubushake kandi urashobora kubihagarika umwanya uwo wose. Uzorungikirwa ubutumwa bugufi bwo kukwibutsa na **v-safe** nko ku isaha ya 2 p.m. y'aho iwanyu. Kubihagarika, uca urungika gusa ijambo "STOP" mu gihe **v-safe** ikurungikiye ubutumwa bugufi. Urashobora kandi gusubira gutangura **v-safe** urungitse mu butumwa bugufi ijambo "START."

## Isuzuma rya v-safe rimara ikiringo kingana gute?

Mu ndwi yambere warahejeje kuronswa urucanco, **v-safe** izokurungikira ubutumwa bugufi kugira ikubaze ingene umerewe. Mu nyuma uzoronka ubutumwa bwo gusuzuma incuro imwe mu ndwi mu kiringo c'indwi 5. Ibibazo **v-safe** ibaza bifata iminuta idashika kuri 5 kugira uvyishure. Hamwe ukeneye doze ya kabiri y'urucanco, **v-safe** izorangura igikorwa kizomara indwi 6 gifise intumbero yo gusuzuma kugira ubarire kandi abandi ivyo wabonye kuri doze ya kabiri. Uzorangurira kandi isuzuma haheze amezi 3, 6, na 12 nyuma yo guterwa doze ya nyuma y'urucanco.

## Amakuru araba amagara yanje yoba akingiwe?

Ego. Amakuru yawe ubwiwawe ari muri **v-safe** arakingiwe kugira abandanyeye kuguma ari ibanga kandi ari rwawe.\*

\* Gushika aho **v-safe** ikoresha sisitemu zisanzwe zicungerwa na CDC, FDA, n'ibindi bigo vy'igihugu, sisitemu zikoresha uburyo bukaze bw'umutekano bubereye amakuru yo ku rugero rw'inkoramutima.



Koresha terefone yawe y'ubuhinga bwa none ubarire CDC ibiraba inkurikizi wagize nyuma yo kuronswa urucanco rwa COVID-19. Uzoterwa kandi hamwe ubikeneye doze ya kabiri y'urucanco.



Iyandikishe ukoresheje Internet yo kuri terefone yawe y'ubuhinga bwa none ku rubuga rwa [vsafe.cdc.gov](https://vsafe.cdc.gov)

**CANKE**

Tumbereza Kamera ya terefone yawe kuri iyi kode



## Ingene wiyandikisha kugira ukoreshe v-safe

Uzokenera terefone yawe y'ubuhinga bwa none n'amakuru yerekeye urucanco rwa COVID-19 waronse. Aya makuru urashobora kuyaronka kw'ikarata yawe y'icandagwa; hamwe utabashije gutora ikarata yawe, nkundira witure umutangabufasha wawe muvuyubuvuzi.

### Iyandikishe

1. Ugurura urubuga rwa **v-safe** ukoreshe bumwe mu buryo bubiri bukurikira:



2. Soma amabwiriza. Fyonda **Utangure**.
3. Andika amazina yawe, nimero ya terefone ngendanwa, n'ayandi makuru barondera. Fyonda **Kwiyandikisha**.
4. Uca uronka ubutumwa bugufi burimwo kode y'itohoza muri terefone yawe y'ubuhinga bwa none. Andika kode muri **v-safe** uce ufyonda **Tohoza**.
5. Hejuru ku ntango kuri ekara, fyonda **Wandike amakuru y'urucanco**.
6. Cagura urucanco rwa COVID-19 waronse (usanga kw'ikarata yawe y'icandagwa; hamwe utabashije gutora ikarata yawe, nkundira witure umutangabufasha wawe muvuyubuvuzi). Maze wandike itariki wacandagiweko. Fyonda **Ahakurikira**.
7. Ihweze neza amakuru yawe y'urucanco. Hamwe ata kosa ririmwo, fyonda **Rungika**. Hamwe ryoba ririmwo, fyonda **Subira Inyuma**.
8. **Ndagukeje! Vyose birakwiye!** Hamwe uhejeje kwiyandikisha isaha ya 2 p.m. y'iwanyu itarashika, **v-safe** izoca itangura isuzuma ry'amagara rya mbere hafi ku isaha ya 2 p.m. uwo musu. Hamwe wiyandikishije nyuma y'isaha ya 2 p.m., **v-safe** izotangura isuzuma ry'amagara rya mbere uwo mwanya ugiheza kwiyandikisha –ca ukurikiza gusa amabwiriza.  
Uzorungikirwa ubutumwa bugufi bwo kukwibutsa bwa v-safe igihe co gusuzuma gikurikira nicoshika hafi ku isaha ya 2 p.m. y'iwanyu. Ca ufyonda gusa aho bafyonda bugurura mu butumwa bugufi kugira utangure isuzuma.

## Rangura isuzuma ry'amagara ukoresheje v-safe

1. Mu gihe uronse ubutumwa bwa **v-safe** bw'isuzuma kuri terefone yawe y'ubuhinga bwa none, fyonda aho bafyonda bugurura harya wahejeje kwitegura.
2. Kurikiza amabwiriza kugira urangure isuzuma.

### Kunagura bipfyuye

**Ingene nosubira inyuma maze ngaheza isuzuma mu nyuma hamwe naciriwemwo?**

- Fyonda aho bafyonda bugurura mu butumwa bugufi bwibutsa kugira usubire utangure maze urangure isuzuma ryawe.

**Nokwandika gute amakuru yanje ahuye n'igihe araba urucanco nyuma**

**ya doze yanje ya kabiri y'urucanco rwa COVID-19?**

- **V-safe** izoca ikwibariza yonyene ko wandika amakuru ahuye n'igihe ya doze ya kabiri. Ca ukurikiza gusa amabwiriza.

### Ukeneye uwugufasha gukoresha v-safe?

Terefona 800-CDC-INFO (800-232-4636)  
-INOMERO IKORESHWA N'ABAGENDANA  
UBUMUGA BWO KWUTUMVA TTY 888-  
232-6348

Yuguruye amasaha 24 ku musu, imisi 7mu  
ndwi

Raba ku rubuga rwa [www.cdc.gov/vsafe](https://www.cdc.gov/vsafe)

